

KISA POU FÈ SI OFISYE IMIGRASYON KANPE W

Tèks ki pi ba a eksplike dwa ou genyen lè w an kontak ak ofisye ki chaje pou aplike lwa imigrasyon yo nan Eta Nouyòk.

Enfòmasyon ki nan kat sa a pa la pou kouvri rankont ak otorite imigrasyon yo nan pòs fwontalye yo, nan ayewopò entènasyonal yo oswa nan lòt pwèn dantre peyi Etazini yo.

Sonje, sa w di ofisye imigrasyon yo, se eleman yo kapab itilize kont ou nan tribinal, e li ka bay ofisye imigrasyon yo yon rezon pou yo arete w. Kidonk asire w ke w li enfòmasyon sa yo epi kenbe l sou lamèn w lè w ap vwayaje nan eta a.

Si w santi ke yo te vyole dwa w pandan yon entèraskyon ak yon ofisye imigrasyon, tanpri rele biwo lokal Inyon pou Libète Sivil nan Nouyòk (New York Civil Liberties Union, NYCLU) ou a.

KONNEN DWA OU GENYEN YO

SI YON OFISYE IMIGRASYON VIN FRAPE NAN PÒT OU

1. Piga louvri pòt la. Pa menm yon ti kras. Ofisye imigrasyon yo ka antre anndan lakay ou sèlman si yo gen yon manda ke yon jij siyen, sa ke pi souvan yo pa janm genyen.
2. San ke w pa louvri pòt la, mande yo si yo gen nenpòt manda pou yo glise l anba pòt la, epi byen gade si li gen siyati yon jij sou li. Pa kite yo twouble lespri w. Ofisye imigrasyon yo ka papfwa gen papye nan men yo ki ekri “warrant (manda),” men se yon lòt ofisye imigrasyon ki siyen l, se pa yon jij.
3. Si ofisye imigrasyon an rete kwè ke yo ka antre lakay ou, yo ta kapab fè sa san ke w pa kite yo antre. Si yon ofisye imigrasyon antre anndan lakay ou, di l “I do not consent to you entering my home (Mwen pa dakò pou w antre lakay mwen)” epi “I do not consent to a search (Mwen pa dakò pou w fouye).”
4. Ou pa gen pou w reponn okenn kesyon – sa gen ladan kesyon sou kiyès ou ye, ki lòt moun ki nan kay la, oswa sou estati imigrasyon w. Se dwa w pou w rete an silans. Si w reponn kesyon yo, pa bay yon ofisye imigrasyon manti.
5. Ofisye imigrasyon an ka eseye fouye lakay ou oswa poze lòt moun ki nan kay la kesyon. Pèsòn lakay ou pa gen obligasyon pou reponn kesyon yo poze yo, e ou pa dakò kite yo fouye kay ou.

SI YON OFISYE IMIGRASYON POZE W KESYON

1. Se dwa w pou w rete an silans. Ou pa gen obligasyon pou w reponn kesyon ofisye imigrasyon yo poze w si w pa vle reponn yo. Sa a gen ladan kesyon sou estati sitwayèn w, kote w fèt oswa adrès kote w rezide. Si yo poze w kesyon sou estati imigrasyon w e ou ta renmen rete an silans, ou kapab di: “I have the right to remain silent (Se dwa m pou mwen rete an silans).”

2. Toujou sonje ke menm si w reponn kèk nan kesyon yo, ou ka toujou deside ke w p ap reponn okenn lòt kesyon.
3. Pa janm bay manti. Piga w pretann ke w se yon sitwayen Ameriken oswa ou legal nan peyi Etazini.

SI YON OFISYE IMIGRASYON MANDE W POU W BAY DOKIMAN IMIGRASYON W

1. Si w se yon sitwayen Ameriken, li pa nesè pou w prezante okenn dokiman. Ou ka chwazi montre dokiman, tankou lisans chofè Nouyòk ou, ki pwouve ke w rezide yon fason legal nan peyi Etazini.
2. Si w se yon imigran e ke w pa gen yon dokiman valid ki soti nan imigrasyon Etazini, sonje se dwa w pou w rete an silans. Ou ka deside pou w pa reponn kesyon sou estati imigrasyon w oswa si w gen dokiman imigrasyon. Si w di yon ofisye imigrasyon ke w pa yon sitwayen Ameriken e ke w pa ka montre dokiman valid ki soti nan imigrasyon Etazini, genyen bon chans pou yo arete w.
3. Si w se yon imigran ki gen laj 18 lane oswa plis ki gen dokiman valid ki soti nan imigrasyon Etazini (tankou yon kat rezidans ki pa ekspire, ke yo rele tou “green card (grinkat)”), ou dwe legalman toujou mache ak dokiman sa yo sou ou tout tan. Si w gen dokiman valid ki soti nan imigrasyon Etazini e ke yo mande w yo, se toujou yon bon ide pou w montre yo pou evite yo arete w. Lè ou pa mache ak dokiman imigrasyon ki valid, se yon deli minè.
4. Si yo arete w paske w pa mache ak dokiman valid ki soti nan imigrasyon Etazini, men ou genyen yo yon lòt kote, mande yon zanmi oswa yon manm fanmi w pou l pote yo pou ou.
5. Pa janm montre yon ofisye fo dokiman imigrasyon oswa pran pretèks ke dokiman imigrasyon yon lòt moun se pou ou.

SI OFISYE IMIGRASYON ARETE W

1. Se dwa w pou w rete an silans. Ou pa oblji reponn kesyon yo. Ou ka di ofisye a ke w vle pale ak yon avoka anvan w reponn nenpòt kesyon. Ou ka di, “I will remain silent until I speak to an attorney (M ap rete an silans jiskaske m pale ak yon avoka).” Ou pa gen dwa pou w gen yon avoka gratis yo deziyen, men ou gen dwa pou w pale ak yon avoka ak pou w angaje youn oumenm.
2. Ou pa gen pou w siyen anyen ki pou fè w abandone dwa w, e ou pa dwe siyen anyen san w pa li l anvan ak konprann konsekans ki genyen lè w siyen l. Siyen yon dokiman san w pa konprann kapab lakoz yo depòte w anvan menm ou wè yon avoka oswa yon jij.
3. Pale ak yon avoka anvan w siyen kèlkeswa sa l ye a oswa anvan w pran yon desizyon konsènan sitiyou w. Si sa posib, mache ak non ak nimewo telefòn yon avoka k ap reponn apèl ou yo. Li difisil pou w konprann lwa imigrasyon yo. Sa ka rive ou gen opsyon ke ofisye imigrasyon yo p ap eksplike w.
4. Si w pa yon sitwayen Ameriken, ou gen dwa pou w rele konsila w oswa pou yon ofisye ki chaje pou aplike lalwa enfòm fonksyonè konsila yo konsènan arestasyon w. Ofisye ki chaje pou aplike lalwa yo dwe kite konsila w la vizite w oswa pale ak ou si fonksyonè konsila yo deside fè sa. Konsila w la ka ede w jwenn yon avoka.

**Syèj Sosyal yo ak Biwo Nouyòk la
(Headquarters and New York City Office):
(212) 607-3300**

NYCLU
ACLU of New York

www.nyclu.org